


Yon prensip prodiktivite

Bonsans



“Nenpòt biznis ...pwospere gras a bon sans.”
Pwovèb 24:3

By John E. Schrock

Souliyen konsèp kle w jwenn nan prensip sa a.

Bonsans se pa yon bagay moun jwenn fasil ankò. Si nou kapab konprann valè l epi aplike l nan vi nou, nou va aprann anpil. Lavi p at fèt pou l te konplike. Se sèlman lè nou pa itilize bon sans nou ke nou pèdi tèt noun nan konfizyon. Bonsans se bonjan lojik, rezonnman pratik oswa ekwasyon ki byen senp. Rezilta final bon sans se yon sajès pratik. Lanfan pwodig te pèdi bonsans li jiskaske li t ale manje ak kochon. Li finalman jwenn bonsans li e pi li retounen lakay kòm sa dwa. Gendefwa nou tèlman edike nou pa menm kapab reflechi nan yon fason ki pratik ; bon sans se kapasite nou genyen pou nou rezone sou pwoblèm epi jwenn mwayen pratik epi ki sansib pou nou rezoud yo. Ekidasyon pa fòseman bay sa. Nou dwe gen edikasyon men san bonsans (rezonnman pratik) li pèdi twaka vale l. nou t a dwe toujou genyen rèv ak objektif nou, men nou dwe melanje yo toutan ak bon sans yon fason pou nou fè rèv nou vin reyalyite. Otreman y ap toujou rete rèv.

Bonsans se de kote nou konnen byen oswa de bagay nou abitye ak yo; donk li kapab varye ak chak moun. Souvan yo t e aprann nou yon fason pou nou fè yon bagay. Fason sa a, nou vin abitye avèk li jiskaske yon moun jwenn yon fason ki pi senp e ki pi bon pou fè li. Bon sans va di nou « annou chanje jan nou konn fè » ; se menm jan kilti yon nasyon gendwa tolere bay lajan anbatay, manti ak twonpe moun. Sepandan bonsans va di nou pou nou pa fè bagay sa yo paske sa pa moral epi li va fè nou mal kòm endividi e kòm sosyete tou. Donk bonsans gendwa

vin abitye oswa tradisyon, sa ki kapab toufe kwasans nou epi mare nou nan yon tradisyon. Gendefwa kwayans relijyez nou kapab bare wout pwogrè paske nou refize swiv laverite oswa bonsans.

Lekontrè bonsans se estupid oswa bèt. Konbyen fwa nou tande moun di « ala mwen estupid » sa ki t a vle di li t e pèdi kontak ak reyalyite ? si nou fè sa ki bon anjeneral se bonsans paske pwovèb di : « yon moun ki pèdi bon sans li va jwenn lanmò (Pwovèb 21:16). Plan nou gendwa tèlman rijid nou bliye koute kè nou k ap sigjere pou nou koute bonsans nou. Nou dwe sonje ke lespri nou gendwa tèlman gonfle ke nou konprann nou pa kamarad moun epi nou pèdi kontak ak lareyalite epi nou fè bagay ki estupid. Bondye bannou kapasite pou nou rezone men li raple nou pou nou genbe bonsans nou tou. Plan nou fè san bonsans se tankou lwa ki sanpitye, pagen dezyèm chans oswa lavi sans padon. Pagen fanmi, biznis oswa nasyon ki kapab siviv san vèti bonsans pa fè pati estrateji yo planifye ; bonsans va sigjere chanjman oswa

ajisteman pandan w ap aji, se fason bondye pou li balanse plan nou ak plan pa li epi anpeche nou echwe. Bonsans va bannou :

1. Lespri pratik ak bon lojik.
2. Yon lespri ki louvri.

Nan eksperyans lavi nou kalkile epi nou obsève bagay. Sa dwe bannou—yon bagay kèkfwa yo rele “presantiman” (sa nou santi andedan kè nou). Nou dwe sansib ap santiman sa yo. Yo pa toujou jis men se kapab yon avètisman ke n ap antre nan yon zòn nou pa konnen. Lè sa n ap opere nan zòn sa a ak lafwa oswa ak laperèz. Se lan moman sa yo pou nou rele bonsans nou vin pale ak nou epi pwoteje nou pandan n ap viv moman difisil nan lavi.

Prensip sa a fè pati pwogram devlopman karaktè yon lane :

Fondasyon pou siksè

Panse pou medite:

Nou tout fèt ak je nou fèmen epi ak bouch ouvè e sa mande yon tan pou nou chanje sa.

Evalye tèt ou de 1 a 10	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Poukisa w bay tèt ou nòt sa a?										
Ki avantaj ou kapab jwenn lè w ogmante nòt ou?										
Ki aksyon espesifik ou kapab fè pou verifiye avantaj prensip sa a?										
Lis verifikasyon lekti w fè toulejou sou prensip sa a.	M	T	W	T	F	S	S			

Komplete

Pa komplete